



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO REKONÈT ROCHESTER KÒM YON VIL MODÈL POU MEZI Y
AP PRAN POU YO REDWI DEGAJMAN GAZ A EFÈ SÈR YO AK KONSTWI
REZISTANS KONT CHANJMAN KLIMATIK YO**

*Yo Deziyen Rochester Kòm 11èm Kominote Sètifye ki Angaje yo pou Konbat
Chanjman Klimatik yo (Certified Climate Smart Community) ak 50èm Kominote ki
Itilize Enèji Pwòp (Clean Energy Community) nan New York*

*Sa ap Sipòte Objektif Gouvènè Cuomo Genyen pou l Diminye Degajman Gaz a Efè
Sèr yo a 40 Pousan avan 2030*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te rekonèt Vil Rochester kòm yon minisipalite modèl pou mezi vil la ap pran pou yo ranfòse rezistans yo ak redwi degajman gaz a efè sèr yo. An rekonesans akonplisman sa a, New York te deziyen Rochester kòm 11èm Kominote Sètifye ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo ak 50èm Kominote ki Itilize Enèji Pwòp nan Eta New York la. Akonplisman sa yo sipòte objektif agresif Gouvènè a genyen pou l redwi degajman gaz a efè sèr yo a 40 pousan atravè tout eta a avan 2030 ak redwi degajman yo a 80 pousan avan 2050.

“New York ap trase chemen pou nasyon an nan rediksyon enprent kabòn nou, epi gras a èfò Rochester ap fè nan konstriksyon enfrastruktir vèt yo ak sipòte yon kominote ki pi rezistan an, nou yon pa pi pwòch reyalizasyon objektif agresif nou genyen sou klima yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap kontinye ranfòse èfò nou ap fè pou nou redwi degajman gaz a efè sèr atravè tout eta a yo, mwen felisite Majistra Warren ak vil Rochester a paske yo ap transfòme kominote Finger Lakes la pou vin tounen yon vil enèji pwòp ak paske yo ap ankouraje tout minisipalite New York yo pou yon vin minisipalite ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik.”

Nan yon evènman ki te fèt nan Twati Vèt Lameri Rochester a (Green Roof of Rochester City Hall), fonksyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman yo (Department of Environmental Conservation, DEC) te prezante bay Majistra Warren de pano siyalizasyon pou mete aksan sou Sètifikasyon Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik vil la resevwa a, epi Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te prezante yon twofe an lonè deziyasyon Rochester kòm 50èm Kominote ki itilize Enèji Pwòp la.

Kominote Sètifye ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo
Bilding Lameri a enkòpore devouman Rochester anvè efikasite ak dirabilite atravè

atraksyon tankou twati vèt ki redwi ekoulman dlo tanpèt yo epi ki redwi konsumasyon enèji pou chofaj ak refwadisman. Sibvansyon eta ki soti nan DEC yo te akòde an 2010 la te prèske konplètman finanse pwojè dirabilite 246,000 dola sa a pou rann bilding lan pi dirab.

Mache Piblik Rochester a ofri espas pou vandè lokal yo vann pwodwi ak lòt machandiz yo pandan tout ane a, sa k ap sipòte yon ekonomi vèt vibran epi k ap ede reyalize sètifikasyon Kominote ki Angaje pou Konbat Chanjman Klimatik la. Rochester te envesti tou nan rezo solè fotovoltaik nan ansyen sit efouyisman yo a, ak nan twati ki sou Mache Piblik Rochester a. An 2011, vil la te agrandi kapasite l pou l finanse modènizasyon nan bilding lan ak sipòte dirabilite vil la lè yo te tabli Fon Enèji Rochester a (Rochester Energy Fund) pou ede avèk depans pwojè a yo tankou enstalasyon limyè LED nan etablisman vil la yo.

Li espesyalman enpòtan pou nou note angajman Rochester pran pou l netwaye sit endistriyèl yo pa itilize ankò yo. Vil la te netwaye senk sit ki te kontamine pandan uit ane ki sot pase a yo. Anplis de sa a, Rochester te transfòme youn nan ansyen sit endistriyèl sa yo pou l vin tounen bilding LEED Gold la kote Biwo Dlo (Water Bureau) vil la ye a. Anplis de sa a, Rochester te resevwa kredi pou sipò li bay mwayen transpò altènatif pwòp lè yo envesti nan amelyorasyon enfrastrikti pou bekàn yo ak enstale estasyon pou rechaj veyikil elektrik la yo atravè tout vil la.

Anplis de yon Kominote Sètifye ki Angaje pou Konbat Chanjman Klimatik, Rochester te resevwa finansman nan men Pwogram Sibvansyon pou Kominote ki pran Angajman pou Konbat Chanjman Klimatik DEC a (DEC's Climate Smart Communities Grant Program) atravè Fon pou Pwoteksyon Anviwonmantal la (Environmental Protection Fund) resaman pou de pwojè.

- Sibvansyon 40,000 dola pou Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo (Climate Smart Communities Grant): Rochester pral fè yon evalyasyon sou vilnerabilite l fas a klima pou evalye kapasite Rochester pou l adapte l ak evalye enpak yo antisipe akòz chanjman klimatik yo sou yon seri sektè nan rejyon an. Rochester pral itilize evalyasyon sou vilnerabilite l fas a klima pou yo tabli objektif ak devlope plan adaptasyon fas a klima pou vil la.
- Sibvansyon 150,000 dola pou Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo: Pou konsepsyone ak konstwi omwen 16 kilomèt wout bekàn nan katye yo, nan kad Plan Direktè Boulva Bekàn Rochester a (Rochester's Bicycle Boulevard Master Plan), ki pral konekte liy sikilasyon bekàn ki la deja yo ak santye yo.

Yo te lanse Pwogram Sètifikasyon Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo (Climate Smart Communities Certification Program) an 2014, pou rekonèt gouvènman lokal ki te pran mezi pou yo redwi degajman gaz yo ak pwoteje kominote yo kont efè chanjman klimatik yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Kominote ki itilize Enèji Pwòp yo

Inisyativ Kominote ki itilize Enèji Pwòp NYSEDA a yo rekonèt minisipalite ki konplete kat nan 10 mezi enèji pwòp ki gen enpak elve yo, youn ladan yo se pou yo resevwa deziyasyon Sètifikasyon Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo.

Deziyasyon Kominote ki itilize Enèji Pwòp la pèmèt Rochester gen opòtinite pou l aplike pou jiska 250,000 dola anvè pwojè enèji pwòp adisyonèl yo, san pataj pri. Anplis de deziyasyon l kòm yon Kominote ki Angaje pou Konbat Chanjman Klimatik, Rochester te konplete mezi enèji pwòp swivan sa yo:

- Yo te Enstale 24 estasyon rechaj veyikil elektrik piblik nan sèt sit;
- Yo te Adopte Pèmi Solè Inifye Eta New York la (New York State Unified Solar Permit) pou rasyonnalize pwosesis apwobasyon pou pwojè solè lokal yo; epi
- Fè patenarya ak òganizasyon san bi likratif lokal yo pou jere yon kanpay itilizasyon enèji solè ki baze nan kominote a pou founi edikasyon piblik ak sansibilizasyon pou redwi pri pwojè solè yo atravè acha an komen.

Enstalasyon estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo fè pati pwojè pilòt Rochester a tou pou fè l vin tounen yon vil modèl pou veyikil elektrik lòt minisipalite yo ka repete menm eksperyans lan yo. Anba Gouvènè Cuomo inisyativ Charge NY la, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap ede enstale sis estasyon rechaj pou veyikil elektrik kote yo chak ap alimante de veyikil nan garaj piblik atravè tout vil la yo. Finansman pou projè sa a soti nan kad Pwogram Minisipal Ranbousman pou Veyikil Zewo Degajman DEC a (DEC's Municipal Zero Emission Vehicle Infrastructure Rebate Program).

Finansman adisyonèl yo te anonse resaman pou sipòte dirabilite vil Rochester a gen ladan 840,000 dola ki soti nan NYPA pou pwojè modènizasyon ekleraj yo atravè konpetisyon enèji pwòp "Race to the Top" la (Kous osomè). Yo pral itilize 400,000 dola ototal pou modènize ekleraj nan 17 kominote ak etablisman lwazi ak 440,000 dola pou modènize estad Blue Cross Arena, Sant Kominikasyon Ijans Rochester a (Rochester's Emergency Communications Center) ak Branch Bibliyotèk Piblik ki Charlotte la (Charlotte Branch Public Library).

Komisè DEC a Basil Seggos te di, "Mwen aplodi angajman Rochester pran pou l redwi degajman gaz la yo lè li ap itilize enèji solè ak amelyore efikasite enèji nan bilding gouvènman yo. Vil la se yon modèl pou kwasans entèlijans ak revitalizasyon atravè investisman nan mezi ki dirab tankou netwayaj sit endistriyel yo pa itilize ankò yo ak konstriksyon enfrastruktir premye ran pou bekàn yo. Deziyasyon kòm 11èm Kominote Sètifye ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo rekonèt lidèchip Rochester nan mezi y ap pran kont chanjman klimatik onivo lokal yo depi pandan plizyè ane, epi mwen felisite Majistra Warren ak pèsònèl li yo sou akonplisman sa a".

Prezidan ak direktè jeneral NYSERDA, John B. Rhodes, te di, "Mezi Vil Rochester a yo montre kijan inisyativ Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè Cuomo a ap mache onivo lokal pou yo redwi degajman danjre yo epi sekirize yon anviwonman ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo".

Gil C. Quiniones, prezidan ak direktè jeneral NYPA, te deklare, "Otorite Enèji New York la fyè pou l mete ansanm ajans eta patnè li yo, DEC ak NYSERDA, pou yo rekonèt efò Rochester ap fè pou l konstwi yon vil ki pi pwòp. Lè nou adopte itilizasyon veyikil elektrik yo, modènize ekleraj yo pou yo vin pi pwòp ak itilize teknoloji enèji ki pi efikas, epi pwofite de pwogram enèji solè yo, Rochester ap fè investisman entèlijans nan avni

enèji li. Mwen felisite Majistra Warren ak Vil la pou angajman yo pran anvè enèji pwòp ak paske yo ap fè sa yo dwe fè onivo lokal pou ede prevni efè chanjman klimatik yo”.

Majistra Vil Rochester a, Lovely A. Warren te di, “Mwen fyè Vil Rochester a te vin yon Kominote Sètifye ki Angaje yo pou konbat Chanjman Klimatik yo epi li te resevwa deziyasyon Kominote ki Itilize Enèji Pwòp la, toude sa yo ap mete aksan sou angajman yo kontinye genyen pou yo pran mezi imedyà, siyifikatif onivo lokal pou reponn a menas ijans chanjman klimatik poze pou nou tout. Patisipasyon nan pwogram sa yo ede fè Rochester vin yon kominote ki pi vibran, ak pi anviwonmantalman dirab. De pwojè sibvansyon Kominote ki Angaje kont Chanjman Klimatik la yo te anonse jodi a yo pral asire pwogrè n ap kontinye fè antanke yo vil ki an favè efò kont chanjman klimatik yo, epi pwogram Kominote ki Itilize Enèji Pwòp la pral pèmèt nou fè plis amelyorasyon nan enèji isit la menm nan Rochester. Kounye a, plis pase jamè, li enpòtan pou vil yo pran devan nan efò pou reponn a pwoblèm chanjman klimatik yo pou yo asire yon meyè avni pou timoun nou yo, sa k ap antrene kreyasyon plis djòb, sekirize katye nou yo ak meyè lekòl”.

Anons sa a konplèman lidèchip Gouvènè Cuomo nan reyalizasyon Alyans Klima Etazini an (U.S. Climate Alliance) li te mete sou pye avèk Gouvènè California Governor Edmund G. Brown, Jr., ak Gouvènè Eta Washington lan Jay Inslee. Twa eta sa yo te fòme yon alyans pou reponn a desizyon gouvènman federal la pral pou l soti nan Akò Pari a. Alyans lan ap rasanble eta Etazini yo ki pran angajman pou atenn objektif Etazini genyen pou l redwi degajman gaz yo de 26-28 pousan parapò ak nivo 2005 yo epi atenn oswa menm depase objektif Plan Enèji Pwòp (“Clean Power Plan”) gouvènman federal la. New York, California ak Eta Washington lan te anonse l semèn pase a, Alyans lan ge 13 manm kounye a. Alyans Klimatik Etazini an pral sèvi tou kòm yon fowòm pou mentni ak ranfòse pwogram klimatik ki deja egziste a yo, ankouraje pataj enfòmasyon ak pi bon pratik yo, epi mete nouvo pwogram sou pye pou diminye degajman kabòn ki sòti nan tout sektè nan ekonomi an yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb DEC a ak paj wèb Pwogram Sibvansyon pou Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik la yo sou www.dec.ny.gov/energy/109181.html. Pou plis enfòmasyon sou Kominote ki Itilize Enèji Pwòp NYSERDA yo, vizite www.nyserda.ny.gov/cec.

Konsènan Refòm Vizyon Enèji a

Vizyon Refòm Enèji se yon strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, sa ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a efikasite enèjetik, epi li te kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418